

Genyen oswa pèdi, sa ki enpòtan se fè pati ekip la.

## Asirans sante jwenn yo nan jwèt la.



Ale nan **InsureKidsNow.gov**  
oswa rele nan  
**1-877-KIDS-NOW (543-7669)**  
aprann plis sou asirans sante  
abòdab pou fanmi-ou.

Medicaid ak CHIP ofri asirans sante gratis oswa a bon mache pou timoun ak adolesan rive jiska laj 19 ane. Timoun yo ka jwenn tchekòp regilye, vaksinasyon, vizit doktè ak dantis, swen lopital, sèvis sante mantal, preskripsiyon ak plis ankò.

Enskripsiyon yo louvri pandan tout ane a. Ou ka elijib kounye a, menm si ou te aplike anvan. Fanmi kat moun ki gen yon revni jiska \$80,000\* ka kalifye. Paran yo ka kalifye pou Medicaid tou. Moun ki elijib pou Medicaid ak CHIP ka enskri nenpòt jou nan ane a.

